

magma	magma	wòch cho ki fonn anba sifas tè a.
magnetic domain	domèn mayetik	gwoup atòm nan yon sibstans mayetik ki gen pòl atòm mayetik ki endike nan menm direksyon an.
magnetic field	chan mayetik	antoure yon leman epi egzèse yon fòs sou lòt leman ak objè ki fòme avèk sibstans mayetik.
magnetic pole	pòl mayetik	zòn sou yon leman kote fòs leman an egzèse a pi fò; tankou pòl ki gen menm sans repouse epi pòl ki gen sans kontrè atire youn lòt.
magnetism	mayetis	pwopriyete ak entè-aksyon leman yo.
magnitude	mayitid	mezi enèji ki degaje pandan yon tranblemanntè.
malleability	maleyabilite	pwopriyete metal yo ak alyaj yo pou yo woule oswa chofe an fèy mens.
mammals	mamifè	vètebre andotèmik ki gen cheve, dan ki espesyalize pou sèten manje, ak glann mamè; pou femèl yo, glann mamè yo pwodui lèt pou alete jenn ti mamifè yo.
mammary glands	glann mamè	glann mamifè yo; pou femèl yo, glann sa yo pwodui lèt pou alete jenn ti mamifè yo.
mantle	manto	kouch mens tisi ki kouvri yon ògàn kò molisk; li sekrete kokiy oswa li pwoteje kò molisk yo san kokiy.
map legend	lejann kat jeyografik	esplike sans senbòl ki itilize sou yon kat jeyografik.
map scale	echèl kat jeyografik	relasyon ant distans sou yon kat ak distans sou sifas tè ki ka reprezante kòm yon rapò oswa kòm yon ti ba ki divize an seksyon.
maria	lanmè linè	rejyon lalin sonm ak plat ki fòme lè ansyen lav rive

		nan sifas la epi yo plen kratè sou sifas lalin lan.
marsupial	masipyal	yon mamifè ki gen yon pòch vant deyò pou devlopman jenn imati li.
mass movement	mouvman mas	nanpòt kalite ewozyon ki fèt lè pezanntè a deplase sibstans yo an pant desandan.
mass number	nonm mas	kantite pwoton plis kantite netwon ki nan yon atòm.
mass	mas	kantite matyè ki nan yon objè.
matter	matyè	nenpòt objè ki gen mas epi ki pran espas.
meander	meyann	koub laj an fòm c ki nan yon rivyè oswa yon wiso; koub sa a fòme akòz ewozyon riv esteryè li.
mechanical advantage (MA)	avantaj mekanik (MA)	rapò ant fòs reziltant yon machin egzèsè ak fòs aktivasyon ki aplike sou machin nan.
mechanical digestion	dijesyon mekanik	dekonpozisyon manje atravè mastikasyon, melanj ak deglitisyon.
mechanical energy	enèji mekanik	sòm enèji potansyèl ak enèji sinetik ki nan yon sistèm.
mechanical weathering	degradasyon mekanik	pwosesis fizik ki kase wòch apa san chanje pwopriyete chimik li; kwen glas, zannimo ak rasin plant ka lakòz yon ewozyon mekanik.
medium	milye	matyè kote yon onn vwayaje.
medusa	mediz	kalite kò selantere ki gen fòm klòch epi ki naje san pwoblèm.
meiosis	meyioz	pwosesis repwodiksyon ki pwodui kat (4) selil jèminal nan yon selil diploïd epi pwosesis yo asire pwojeniti a ap gen menm kantite kwomozòm kòm òganis paran.
melanin	melanin	pigman ki pwodui nan epidèm ki pwoteje po kont domaj

		solèy epi ki ba po ak zye koulè yo.
melting point	tanperati pou fonn	tanperati ki endike lè yon solid kòmanse fonn.
menstrual cycle	sik menstriyèl	sik chanjman mansyèl òmòn kontwòle nan sistèm repwodiksyon fanm; sik sa a gen ladan matirasyon yon ze ak preparasyon matris la pou gwosès posib.
menstruation	menstriyasyon	ekoulman mansyèl san ak selil tisi ki rive lè pawa matris la kontrakte epi li evakye.
Mesozoic Era	È (Epòk) Mezozoyik	epòk entèmedyè istwa latè; pandan epòk sa a Panje a separe, dinozò yo parèt epi reptil ak jimnospèm yo te reprezante kreyati dominan latè.
metabolism	metabolis	total tout reyaksyon chimik ki nan yon òganis.
metal	metal	eleman ki se yon solid di ak briyan, li maleyab, epi li se yon bon kondiktè chalè ak elektrisite.
metallic bonding	lyezon metalik	fèt paske elektwon yo deplase san pwoblèm pami iyon yon metal ki gen chaj pozitif epi li esplike pwopriyete tankou diktilite ak pwopriyete pou kondui elektrisite.
metalloid	metaloyid	eleman ki pataje kèk pwopriyete avèk metal ak kèk non-metal.
metamorphic rock	wòch metamòfik	fòm lè chalè, presyon oswa likid aji sou wòch igne, wòch sedimantè oswa lòt wòch metamòfik pou chanje fòm oswa konpozisyon li, oswa toulède (fòm ak konpozisyon li).
metamorphosis	metamòfoz	pwosesis kote anpil espès ensèk chanje fòm kò yo pou tounen adilt; pwosesis sa ka konplè (ze, lav, pip,

		adilt) oswa enkonplè (ze, nenf, adilt).
meteor	meteyò	yon meteyowoyid ki volatilize nan atmosfè tè a.
meteorite	meteyorit	yon meteyowoyid ki tonbe sou sifas lalin oswa sou yon lòt planèt.
microscope	mikwoskòp	itilizasyon lantiy konvèks pou gwosi ti objè ki pre.
microwaves	mikwo-onn	onn radyo ki gen longèdonn apeprè ant 1 mètr ak 1 milimèt.
mid-ocean ridge	krèt nan mitan oseyan	zòn kote nouvo fon fòmè lè lav jayi atravè fant kwout tè a.
migration	migrasyon	deplasman ireflechi sezonye zannimo yo pou yo jwenn manje oswa pou yo repwouvi nan pi bon kondisyon.
mineral resources	resous mineral	resous kote yo jwenn metal.
mineral	mineral	solid inòganik natirèl ki gen yon konpozisyon chimik defini ak yon estrikti atomik entèn ki òdone.
mirage	miraj	imaj yon objè a distans refraksyon limyè pwodui atravè kouch lè ki gen diferan dansite.
mitochondrion	mitokondri	òganèl selil ki disoud manje epi ki degaje enèji.
mitosis	mitoz	pwosesis selilè kote nwayo a divize pou fòmè de (2) nwayo ki idantik youn ak lòt epi ki idantik ak nwayo orijinal la, nan yon seri etap (pwofaz, metafaz, anafaz ak telofaz).
mixture	melanj	yon konbinezon sibstans kote sibstans endividyèl yo pa chanje oswa melanje chimikman, men konsève pwopriyete endividyèl yo; se kapab gaz, solid, likid oswa nenpòt konbinezon yo.
mold	tewo	yon kalite fosil kò ki fòmè

		nan wòch lè yon òganis ki gen pati solid antre anba tè a, dekonpoze oswa disoud, epi kite yon kre nan wòch la.
molecule	molekil	yon gwoup atòm ki konekte gras a lyezon kovalant.
molting	mi	pèt ak ranplasman egzokèlèt yon atwopòd.
momentum	elan	pwopriyete yon objè mobil ki egal a mas li miltipliye pa vitès li.
monocot	monokotiledòn	anjyospèm ki gen yon kotiledòn andedan grenn li, pati flè a an miltip twa (3) epi tisi vaskilè a nan feso ki epapiye toupatou nan tij la.
monomer	monomè	ti molekil ki fòme yon lyezon nan yon chenn polimè epi ki ka fèt pou konbine avèk li menm souvan.
monotreme	monotrèm	yon mamifè ki ponn ze ki gen kokiy di ak koulè bren, epi glann mamè mamifè a pa gen mamlon (pwent).
moon phase	faz linè	chanjman nan aparans lalin lan selon jan yo wè li sou tèa, akòz pozisyon relatif lalin nan, tè a ak solèy la.
moraine	morèn	akimilasyon wòch ak tè yon glasye depoze lè glasye a sispann avanse.
muscle	misk	ògàn ki ka detann, kontrakte epi bay fòs pou deplase zo ak pati kò a.
mutation	mitasyon	nepòt chanjman pèmanan nan yon jèn oswa kwomozòm yon selil; li ka favorab, nuzib oswa gen ti efè sou yon òganis.
mutualism	mityalis	yon kalite relasyon senbyotik kote toulède òganis yo jwenn avantaj.
mycorrhizae	mikoriz	rezo if ak rasin plant ki ede plant yo absòbe dlo ak

		mineral nan tè a.
--	--	-------------------